# "KUBVA PAKUTANGA"

J.c. Choate



# "Kubva Pakutanga"

**J.c. Choate**

Chikamu chikuru chizvitendero zvemunyika chinotenda nekudzidzisa kuti rubhabatidzo rweMweya Mutsvene nderwe avo vanobvuma Mwari. Pamwe nekusanzwisisa kwavo, vanodzidzisa kuti vanhu vose avo vanofanirwa kugona kutaura "nendimi" uye nekuita zvishamiso. Hapana pakati pevanhu ava vakambodzoreredza kuona kumapofu, kana kupa gumbo rimwe kune vanhu vakazvarwa vakaremara kana avo vakarasikirwa nemakumbo avo mutsaona dzakasiyana siyana, kana patakambonzwa vakamutsa vakafa.

Kana pavakanzi vaita zvishamiso zvemhando iyi, vanotsvaka chikonzero chekunzvenga kusaita kwavo kwezvinhu zvaiitwa naIshe pamwe nevapostora vake. Pane dzimwe nzvimbo nedzimwe nguva paitarisirwa kuitwa zvishamiso zvemhando iyi. Zvizhinji "zvezvishamiso" zvavo zvizhinji ndezvekurapa misoro, misana, kenza yemukati, kana mamwe matambudziko ezvirwere zvononzwika mumuviri asi zvisingaonekwe. Asi chavanoita kuita zvinetso zvinosiyana nemutemo vokusikwa izvo zvavanozoratidza muzvivhitivhiti kana mumapepa nhau, zvinova zvaisaitwa paiitwa zvishamiso zvechokwadi.

Kuti tibvise kumwe kusanzwisisa, tinoda kutanga tabvunza mubvunzo uyu: ***Ndiani vainge vakavimbiswa rubhabatidzo rweMweya Mutsvene?*** Kritsu anotaura **kuvapostora**, "*Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene, uchatumwa naBaba muzita rangu, iye uchakudzidzisai zvose, nokukuyevudzirai zvose, zvandakareva kwamuri"* (Johane 14:26). Zvakare anoti, "*Asi ini ndinokuvudzai zvokwadi, kana ndichiti; Zvirinani kwamuri, kuti ndiende, nokuti kana ndisingaendi, Munyaradzi haangavuyi kwamuri; asi kana ndikaenda, ndichamutumira kwamuri"* (Johane 16:7).

**Kunani Jesu aitaura?** Aitaura kune vaapostora, varume vaainge Akasarudza kunyanya kuti vatakure basa rake apo aizodzokera kunaBaba. Aisataura kuruzhinji, kana kuti kune vose vaitenda Kwaari kurudzi rwaizotevera, asi kuti aipa kuvimbisa kwemunyaradzi kune Vanegumi bedzi.

Kritsu anoenderera mberi mukutaura nevapostora, anoti, "*Kana Munyaradzi avuya, wandichatuma kwamuri, achibva kuna Baba, iye Mweya wazvokwadi, unobuda kunaBaba, uchandipupurira. Nemwi vo pupurai,* ***nokuti maiva neni kubva pakutanga"*** (Johane 15:26,27). Cherechedza uone kuti Kritsu anopa chivimbiso kuvaapostora, **avo vaiva naye kubva pakutanga.** Zviri pachena tikacherechedza tinoona kuti mutauro vake vaisa sanganisira munhu vose pazuva iri, kana kutaura isu zuva ranhasi, **nokuti hatina pakati pedu aive kana kuti akafamba Naye, panyama, kubva pakutanga kwehushumiri Hwake panyika!**

Judhasi, mumwe vevanegumi, vakasarudzwa akatengesa Kritsu ndokuzviuraya. Mushure mekufa kwaIshe, kuvigwa, kumuka, uye akwira kudenga, zvainge zvakakosha kuvaApostora kutsvaka mumwe kutsiva nzvimbo yaJudhasi. Chinyorwa munaMabasa chinoti, "*Zvino* ***pakati pavarume vaivungana nesu nguva yose, Ishe Jesu yaakapinda nokubuda nayo pakati pedu, kutanga pakubhabhatidza kwaJohane,*** kusvikira pazuva raakabva kwatiri, achikwidzwa, mumwe wavo unofanira kuva chapupu chokumuka kwake pamwe chete nesu" (1:21-26).

Cherechedza kuti haasi munhu vose ainge akasarudzwa kuva muapostora, asi aifanirwa kuva chapupu, vakava naIshe pamwechete nevamwe vaApostora kubva munguva yakabhabatidzwa Kritsu naJohane Mubhabatidzi.

Asati akwira kudenga, Jesu akaunganidza vapotsora paGomo reMaorivhi ndokuti kwaari, "*Tarirai, ndinotuma pamusoro penyu chipikirwa chaBaba vangu; asi imi garai muguta kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro*" (Ruka 24:49). Anoenderera mberi mukutaura achiti, "*Asi muchapiwa simba, kana Mweya Mutsvene avuya pamusoro penyu; ipapo muchava zvapupu zvangu paJerusarema, napaJudhea rose,*

*napaSamaria, nokusvikira kumugumo wenyika*" (Mabasa 1:8).

**Kunani Ishe aitaura naye Paakapa chivimbiso ichi?** Kuvaapotsora, kwete kune vanhu vose, kana kuvanhu venguva ino yatirikurarama.

Vose vanotenda kuti vaapotsora vakabhabatidzwa noMweya Mutsvene sezvakanyorwa muna Mabasa 2, nezuva iro kereke yakatanga. Zvichiteverwa nekudururwa kweMweya Mutsvene, vose vanenge vatenda vaibhabatidzwa nemvura nekupihwa *Mweya unogara mavari* (Mabasa 5:32), asi zvaisasanganisira simba rekuita zvishamiso. Mabasa 5:32, inotiudza , "*Zviratidzo nezvinoshamisa zvizhinji zvakaitwa pakati pavanhu namavoko* ***avaapostora;*** *vose vaiva nomoyo mumwe pabiravira raSoromoni.*" Kunyangwe, panguva iyi zviuru zvevanhu zvakabhabatidzwa, **vaapotsora bedzi** ndivo vaiita zvishamiso. Nekufamba kwenguva, apo VaHedheni vekutanga vakadzidziswa, (Mabasa 10) pakarepo vakasangana nekubhabatidzwa kweMweya Mutsvene, uko Kefasi anokutsanangura sekuti, *"... Mweya Mutsvene akaburuka pamusoro pavo, sapamusoro* ***peduvo pakutanga"*** (Mabasa 11:15-18). Kududuririrwa uku hakuna kunyorwa kuchinge kwakaitika kune zvimwe zviitiko munguva yeTestamente Itsva, hazvina pazvakavimbiswa kwatiri, kana kuti zvichaitika nhasi.

Vanhuwo zvavo vainge vasiri vaapotsora vaigamuchidzwavo here zvishamiso? Hongu. Vaigamuchidzwa sei simba rezvishamiso iri? Kubudikidza nekubatwa pamusoro nevaapostora, mumaitiro ekuvapa chipo chakakosha (*"... Zvino Simoni wakati achivona kuti Mweya Mutsvene wapiwa nokuiswa kwamavoko avapostora, ... "*(Mabasa 8:18).

Asi kuti vapostora ndivo wega vaive nesimba rekupa zvipo izvi, sezvine umboo nepfungwa iyo iri muna Mabasa 8, apo vaSamariya vanotendeutsva, Kefasi naJohane vanodzika kwavari kunovabata pamisoro nekuvapa chipo chakakosha, kunyangwe Philipo akavadzidzisa nekuvabhabatidza - uye akaita zvishamiso. *Asi aisakwanisa kupa masimba ezvishamiso kunevamwe.*

Vaapostora vainge vafa vose, makore anemazana ainge adarika. Pamusoro pezvipo zvakakosha izvi, Pauro anotaura muna 1 Vakorinte 12:31 uye 13:8-13 kuti

kwaive nenzira yaive nani (yatinokwanisa kunyengerwa nevauki, vadzidzisi vezvitendero zvemahedheni kuti vanoita zvishamiso, zvakare nevaparidzi venhema): Pauro anobva ati zvipo izvi zvaingopihwa "muzvikamu" (haasi muKritsu vose aipihwa chipo), asi nzira yakanaka kwaive kuuya "kweicho chinova chakarurama" - kupedzeswa kweTestamente Itsva, chinova chinhu chimwechete *chakarurama* chinorarama munyika ino. Neshoko raMwari tinokwanisa "kuzama mweya" (vadzidzisi) kuti tione kana vachinge vachidzidzisa chokwadhi. Ameni!